

LENTERA

LENgang penggalih nampi TEntrem

RAhayu

(Beristirahat sejenak menerima damai sejahtera)

Edisi April 2025



UNTUK KALANGAN SENDIRI

BAHAN PA GKJ Bejiharjo

Diterbitkan oleh:
Bidang PWG GKJ Bejiharjo

BAHAN PA 31 MARET – 5 APRIL 2025
(Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah)

(Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah)

1. **Wekdal Ening**
2. **Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: Pangentasan 12:1-28**
5. **Renungan**

“Paskah Yahudi”

Paskah punika sayektosipun sampun dipun pengeti saderengipun zaman Gusti Yesus. Sebabipun, wonten kalih pahargyan ingkang benten ananging sami naminipun. Wonten Paskah minangka pahargyan wungunipun Gusti Yesus. Wonten ugi Paskah minangka pahargyan pangluwaran umat Israel saking pangawulan Mesir. Asal-usulipun kacariyosaken jangkep wonten ing Pangentasan 12:1-28 ingkang kita waos kalawau lan punika ingkang kawastanan Paskah Yahudi.

Paskah Yahudi (Ibrani: *Pesakh*, tegesipun *nglangkungi* utawi *berlalu-melewati*) mijil ing dalu pungkasan saderengipun umat Israel dipun luwari saking tanah Mesir. Minangka paukuman saking Gusti Allah tumrap Sang Pringon, dalu punika sadaya anak pambarep ing tanah Mesir badhe katumpes, dene brayat-brayat Israel badhe kauwalaken. Mila saking punika, brayat Israel kadhawuhan nyawisaken satunggal cempe, dipun beleh rikala sonten. Sawetawis rahipun kedah dipun oseraken wonten ing kori, minangka tandha bilih paukumanipun Gusti Allah boten badhe katamekaken ing griya punika, ananging nglangkungi (*Pesakh: melewati*).

Wonten ing dalu punika, umat Israel kadhawuhan nedha daging cempe ingkang kapanggih kalawau. Dipun tedha sareng kaliyan roti tanpa ragi (*matzah*) saha jangan pait (*maror*). Wondene cara tumindakipun kadodene sinerat ing ayat 11 “*Patrape mangan iku mangkene: lambungmu sabukana, sikilmu nganggoa trumpha lan tanganmu nyekela teken, anggonmu mangan kanthi rerikatan, iku Paskahe Pangeran Yehuwa.*” Katindakaken srana mekaten minangka tandha sampun siyaga badhe lumampah. Sisih sanes, ayat 11 kalawau ugi nandhesaken bilih kados mekaten punika ingkang sinebat “Paskahe Pangeran Yehuwa”.

Paskah Yahudi punika ing salajengipun katindakaken saben tahun, boten namung minangka pahargyan ageng lan wigatos, ananging ugi dados pemut dhateng sadaya umat Israel bab pakaryanipun Gusti Allah nguwalaken umat

Israel saking tanah Mesir. Padhatanipun, *kepala keluarga* ngonjukaken pepujen lajeng ngideraken tuwung bujana. Wonten tetedhan prasaja kangge murwakani. Sasampunipun, tuwung bujana ingkang kaping kalih kaidheraken. Bibar punika, lare-lare kedah nyuwun pirsu “*punapa ta tegesipun sadaya punika?*”. *Kepala keluarga* paring wangsulan kanthi maosaken Pangandharing Toret 26:5-11 ingkang nyariyosaken pakaryan kawilujengan saking Gusti tumrap umat Israel. Menawi sampun, dipun tanggapi kanthi ngidungaken Jabur 113-118.

Kepala keluarga lajeng ngedumaken roti tanpa ragi, daging cempe, saha janganan pait. Menawi sampun, kasambet tuwung bujana ingkang kaping tiga. Rikala sadaya sampun rampit anggen sami nedha lan ngunjuk, Jabur 113-118 ingkang asring sinebat Masmur-masmur *Halel* punika dipun kidungaken malih lan kapungkasan kanthi ngambali sawetawis perangan tertemtu. Pahargyan punika dipun pungkasi srana tuwung bujana ingkang kaping sekawan minangka tuwung pepisahan. Sekawan tuwung bujana kalawau mralambangken prasetyanipun Gusti kados ingkang sinerat ing Pangentasan 6:6-7. Wondene sadaya prosesi punika ingkang sinebat *Bujana Seder* ing salebeting pahargyan Paskah Yahudi.

Adedhasar sadaya katrangan kalawau, Paskah Yahudi tumrapping umat Yahudi punika dados pahargyan ingkang wigatos sanget saben tahun. Sisih sanes, Paskah Yahudi punika ugi dados sarana memucal para generasi salajengipun ngengingi gesang iman kapitadosan, saha saya ngukuhaken *identitas* dhirinipun minangka umat kagunganipun Gusti ingkang sampun kawilujengaken saking tanah Mesir.

Diskusi:

1. Kadospundi pamanggih panjenengan gegayutan kaliyan sadaya cariyos punika?
2. Piwucal iman kados punapa kemawon ingkang panjenengan pethik saking sadaya cariyos kalawau?

****NB:** Paskah Kristen badhe dipun suraos ing wekdal candhakipun.

- 6. Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
- 7. Pandonga**

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: Lukas 22:7-20 & Lukas 24:1-12**
- 5. Renungan**

“Paskah Kristen”

Kita sampun nyinau sesarengan bab Paskah Yahudi ing perangan saderengipun. Paskah Yahudi katetepaken minangka pemuat bab umat Israel ingkang sampun kauwalaken saking tanah Mesir lan kawilujengaken dening Gusti Allah. Lajeng kadospundi ngengingi Paskah Kristen? Punapa bentenipun kaliyan Paskah Yahudi kalawau? Kita tingali sareng-sareng lumantar waosan kita kalawau.

Bujana pungkasan ingkang kacathet ing Lukas 22:7-20 nedahaken bilih Gusti Yesus ngriyayaken Paskah Yahudi sesararangan kaliyan para muridipun. Ananging, anggen Gusti Yesus nindakaken punika kaparingan makna ingkang enggal, benten kaliyan Paskah Yahudi. Roti tanpa ragi ingkang sewaunipun mralambangaken lampah kesusu umat Israel medal saking tanah Mesir, wekdal punika dados pralambang sariranipun Gusti Yesus piyambak ingkang kinurbanaken. Mekaten ugi anggur ingkang dados perangan saking bujana Paskah Yahudi, wekdal punika sinebat minangka rahipun Gusti Yesus piyambak ingkang kawutahaken kangge pangapuntening dosa saha prasetyan kawilujengan. Gusti Yesus punika jangkepi Paskah Yahudi lan sanes ngicalaken Paskah Yahudi. Menawi rumiyin rahipun cempe punika milujengaken umat Israel saking paukuman ing Mesir, sapunika rahipun Gusti Yesus dados margi kawilujengan kangge sadaya manungsa.

Salajengipun, Lukas 24:1-12 nedahaken bilih wungunipun Gusti Yesus punika kelampahan ing dinten Minggu, dinten sepisanan minggu punika, lan taksih wonten ing salebeting riyaya Paskah Yahudi. Para pawestri sami mboten manggihi layonipun Gusti Yesus rikala sami tindak dhateng pasarean. Malaekat ngendika (ay. 26) *“Panjenengane ora ana ing kene, wis wungu.”* Wungunipun Gusti Yesus punika boten namung lelampahan ingkang ngeram-eramaken, ananging jangkepi sadaya ingkang nate kapangindakaken bilih Panjenenganipun badhe wungu ing dinten kaping tiga lan nandhesaken bilih Panjenenganipun punika Allah ingkang nguwaosi gesang lan pepejah. Menawi

ing Paskah Yahudi, Allah ngluwari umat Israel saking pangawulan satata fisik, dene wungunipun Gusti Yesus rikala Paskah punika ngentasaken manungsa saking panguwaosipun dosa lan pepejah.

Awit saking punika, saged kasumerepan bilih Paskah Kristen boten namung wonten gegayutanipun kaliyan bujana ingkang pungkasan utawi sedanipun Gusti Yesus ing kamanungsanipun, ananging ugi dados pahargyan bab wungunipun ingkang ngawonaken dosa lan pati langgeng. Adedhasar wungunipun ingkang kalampah ing mangsa Paskah Yahudi, pasamuwan wiwitan ndadosaken bab punika minangka tetales bilih Paskah punika mahargya wungunipun Gusti Yesus. mekaten ugi dados landhesan tumrapping Bujana Suci, ing pundi pasamuwan sami ngemut-emut sarira lan rahipun Gusti Yesus ingkang sampun kinurbanaken dados tebusan ingkang sampurna ngluwari saking dosa.

Paskah Kristen punika dados tetenger utami saking iman Kristen. Paulus ngendikakaken ing 1 Korinta 15:17 *“Lan manawa Sang Kristus ora kawungokake, pracayamu iku dadi tanpa guna, lan kowe isih padha kawengku ing dosamu.”* Pramila, Paskah boten namung kangge ngemut-emut sengsaranipun Sang Kristus, ananging ugi mahargya wungunipun ingkang ngawonaken dosa lan pati langgeng.

Diskusi:

1. Kadospundi pamanggih panjenengan ngengingi sadaya cariyos punika?
2. Piwucal iman kados punapa kemawon ingkang panjenengan pethik saking sadaya cariyos kalawau?

6. Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)

7. Pandonga

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: Para Rasul 20:7-12**
- 5. Renungan**

“Wiwitanipun Gereja Ngabekti ing Dinten Minggu”

Minangka tiyang pitados, kita sampun kulinten nindakaken pangibadah Minggu wonten ing gedhong gereja. Pitakenanipun, sayektosipun kadospundi ta sebab utawi cariyosipun ingkang ndadosaken kita punika nindakaken pangibadah Minggu?

Nalika maos Para Rasul kalawau, kita badhe manggihaken bilih pasamuwan wiwitan punika sampun sami kempal ing dinten sepisanan, inggih punika dinten Minggu, kangge mirengaken sabdanipun Gusti saha nyuwil-nyuwil roti. Tembung nyuwil roti kiyat sesambetanipun kaliyan pranatanipun Gusti Yesus bab nindakaken Bujana Suci. Punika nedahaken, bilih saking wiwitan, pangibadah Kristen punika boten namung mirengaken piwucal sabdanipun Gusti, ananging ugi ngemot bab pasamuwan ingkang nyatunggil saha bab sakramen. Kanyata Rasul Paulus anggen ngendika punika ngantos dalu lan njalari Euthikus seda ananging lajeng katangekaken. Punika nedahaken bilih panguwaosipun Gusti Allah kapratelakaken ing salebeting patunggilan punika.

Panci, kathah-kathahipun pandherekipun Gusti Yesus punika saking tiyang-tiyang Yahudi ingkang ngugemi pangabekti ing dinten Sabat (dinten kaping pitu, inggih punika Sabtu). Kenging punapa salajengipun sami ngempal lan ngabekti ing dinten Minggu? Kamangka punika estunipun keputusan ingkang *drastis* sanget? Amargi sami ngakeni bilih wungunipun Gusti Yesus ingkang kalampah ing dinten Minggu, punika minangka lelampahan ingkang adi lan wigatos sanget. Dinten kemenangan ing pundi Gusti Yesus jumeneng dados ratuning jagad ingkang ngawonaken dosa lan pati langgeng. Pramilanipun, sami sedyah mahargya bab punika ing saben dinten Minggu. 1 Korinta 16:2 ugi nyariyosaken kadospundi Rasul Paulus paring dhawuh kinen pasamuwan ngempalaken pisungsung ing dinten sepisanan, inggih punika dinten Minggu. Saged kawastanan, dinten Minggu sampun dados wekdal pangabekti ingkang tinata tumraping pasamuwan wiwitan.

Wekdal mbaka wekdal, saya kathah pandherekipun Sang Kristus lan tegen nindakaken pangabekti ing saben dinten Minggu. Kanyata, mundhak dinten langkung kathah katampi dening masyarakat. Ngantos ing warsa 321, Sang Nata Agung (Kaisar) Constantinus netepaken dinten Minggu minangka dinten libur ing sadaya wewengkon panguwaosipun. Saking katetepan punika, kanyata kabekta wekdal mbaka wekdal ngantos *berlaku* ing pundi-pundi papan bilih dinten Minggu punika dinten libur. Ewa semanten, gereja (pasamuwan) nindakaken pangibadah ing dinten Minggu sampun langkung rumiyin tinimbang kaliyan keputusan politis saking Sang Nata Agung kalawau. Basa sanesipun, sami ngabekti krana iman pitados lan sanes amargi keputusan politik negari.

Kadangkala wonten ingkang nyebat dinten Minggu punika sami kaliyan dinten Sabat utawi Sabatipun tiyang Kristen. Ananging menawi kita ningali satata teologis, dinten Sabat (Yahudi) lan Pangibadah Dinten Minggu anggadahi konteks ingkang benten. Sabat, ing Prajanjian Lami, inggih punika dinten kaping pitu (Sabtu) ingkang Gusti Allah dhawuhaken minangka dinten kangge ngaso (Pangentasan 20:8-11). Suwalikipun, Pangibadah Dinten Minggu mijil minangka pahargyan wungunipun Gusti Yesus ingkang dados inti iman Kristen. Mila satata konteks, dinten Sabat lan Pangibadah Dinten Minggu punika benten maknaipun. Ewa semanten, mboten perlu kejiret ngengingi istilah-istilah kalawau, amargi ingkang utami kadosdene pemuat Rasul Paulus ing Kolose 2:16-17, inggih punika kadospundi kita sami mbudidaya nggegesang nyantunggil, mirengaken sabdanipun Gusti, saha mbabaraken sihipun Gusti ing pagesangan kita.

Diskusi:

1. Kadospundi pamanggih panjenengan ngengingi sadaya katrangan punika?
2. Piwucal iman kados punapa kemawon ingkang panjenengan pethik saking panyuraos punika?
6. **Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
7. **Pandongga**

- 1. Wekdal Ening**
- 2. Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
- 3. Pandonga**
- 4. Pamaosing Kitab Suci: Yokanan 20:11-18**
- 5. Renungan**

“Para Seksi Sepisanan”

Tiyang Jawi gadhah unen-unen “swarga nunut, neraka katut”. Ngemu teges bilih tiyang estri punika namung manut kemawon dhateng kakungipun. Menawi kakungipun mlebet swarga, tiyang estri tumut; dene kakungipun mlebet neraka, tiyang estri ugi tumut. Temtu kita mboten sarujuk kaliyan unen-unen punika. Naminipun tiyang estri lan kakung punika sederajat, boten wonten ingkang langkung inggil, boten wonten ingkang langkung asor.

Emanipun, pamanggih kados mekaten punika dereng wonten ing satengahing masyarakat Israel rikala semanten. Masyarakat Yahudi, ing pundi Gusti Yesus nglampahi gesang, inggih punika masyarakat ingkang dipun cepeng dening para tiyang kakung. Saben kalenggahan wigatos, kalebet keagamaan, dipun cepeng tiyang kakung. Tiyang estri dipun anggep langkung asor lan boten pantes. Kalebet ing babagan pangadilan, naminipun tiyang estri punika boten kaanggep. Miturut adat Yahudi rikala semanten, tiyang estri punika boten pareng maringi paseksi punapa kemawon. Paseksenipun asring, kepara tansah kanggep namung goroh. Basa sanesipun, masyarakat Yahudi boten saged nampi tiyang estri minangka saksi.

Ewa semanten ing satengahing riyaya Paskah, kedadosan bab ingkang saestu ngeram-eramaken. Rikala masyarakat sami boten purun nampi para tiyang estri minangka seksi, malah para tiyang estri ingkang kadadosaken seksi, kepara seksi bab lelampahan ingkang ageng sanget. Tiyang-tiyang ingkang sepisanan nampi pawartos bilih Gusti Yesus sampun wungu inggih punika para tiyang estri. Rikala Gusti Yesus ngetingalaken dhiri sepisanan dhateng Maryam Magdalena, piyambakipun kadhawuhan martosaken bab wungunipun Gusti Yesus dhateng para sakabat. Tegesipun, ingkang kautus (Yunani: apostolos, ingkang kautus, utusan, rasul) sepisanan inggih punika Maryam Magdalena. Maryam Magdalena punika “*rasul kangge para rasul*”, utusan sepisanan ingkang kautus langsung dening Gusti Yesus martosaken

pawartos wungunipun. Temtu punika cengkah sanget kaliyan pakulinan masyarakat semanten ingkang boten pitados dhateng para tiyang estri.

Wonten ing Injil sanes, ugi kaserat bilih ingkang sepisanan nampi pawartos bab wungunipun Gusti Yesus punika para tiyang estri. Maryam Magdalena lan Maryama sanesipun (Mateus), Maryam Magdalena, Maryam ibu Yakobus, lan Salome (Markus), Maria saking Magdala, Yohana, lan Maryam ibu Yakobus (Lukas). Panci benten katrangan naminipun, ananging sadaya punika para tiyang estri. Saking lelampahan punika katedahaken bilih Gusti Yesus ingkang wungu ing satengahing Paskah, mulihaken posisi para tiyang estri ing satengahing masyarakat dados sedrajat. Sisih sanes, ugi mratandhani bilih ing salebeting Kratonipun Allah, drajat saha swantenipun para tiyang pawestri punika dipun aosi lan dipun akeni. Pramilanipun, Paskah, inggih wungunipun Gusti Yesus punika dados pawartos kabingahan kangge sintena kemawon, dadosa kakung punapa dene estri.

Ing zaman ing pundi dereng sami tepang bab kiprah para tiyang estri, kanyata para tiyang estri kalawau sampun nindakaken kiprah ingkang wigatos lan saestu adi. Para tiyang estri punika dados saksi sanes sembarang saksi, ananging dados saksi bab wungunipun Gusti Yesus, dados saksi mijilipun dhasar utami saking lairipun gereja.

Diskusi:

1. Kadospundi ing paningal panjenengan ngengingi bab kiprah (peran lan kesempatan) antawis tiyang kakung lan tiyang estri? Dadosa ing satengahing brayat, pasamuwan, lan masyarakat?
2. Kadospundi kita saged ngecagaken patuladan bab “kesetaraan” saking Gusti Yesus kalawau tanpa nuwuhaken pasulayan?

6. Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)

7. Pandonga

BAHAN PA 28 APRIL – 3 MEI 2025
(Bahan bisa disesuaikan dengan waktu pelaksanaan tiap wilayah)

1. **Wekdal Ening**
2. **Pepujen (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)**
3. **Pandong**
4. **Pamaosing Kitab Suci: 1 Korinta 10:31-32**
5. **Renungan**

“Tigan lan Truwelu (Rikala) Paskah”

Kathah gereja punapa dene sekolah-sekolah Kristen ingkang mahargya Paskah kanthi ngginakaken tigan, conto kemawon tigan ayam. Mangke tigan punika sampun dipun godhog, lajeng dipun rias, lan padhatan ugi dipun dhelikaken ing satunggaling papan. Dadosipun wonten ingkang lomba pados tigan kalawau, wonten ugi lomba *menghias* tigan punika, lan sapanunggalanipun. Sanesipun tigan, asring ugi menawi mahargya Paskah punika kanthi ngginakaken gambar kelinci utawi truwelu. Janipun, punapa ta gegayutanipun antawis Paskah kaliyan tigan lan truwelu?

Gegayutan ingkang langsung lan rumaket punika sayektosipun boten wonten, ananging wonten cariyos sujarahipun ingkang jalari bab punika. Rikala abad-abad sepisanan, tiyang-tiyang Eropa sampun tepang Dewi Eostre minangka dewi kesuburan saha lestantuning gesang. Menawi dipun bandhingaken kaliyan cariyos budaya Indonesia inggih kadosdene Dewi Sri mekaten. Dinten Paskah punika asring dhawahipun celak kaliyan dinten-dinten riyaya Dewi Eostre kalawau. Kanyata, wekdal mbaka wekdal tiyang-tiyang sami mendhet riyaya punika kaginakaken mahargya Paskah.

Tembung Inggris lan Jerman kangge Paskah inggih punika *Easter* lan *Ostern*, kapethik saking nami Dewi Eostre utawi Austro (Jerman) kalawau. Bentuk kegiyatanipun dipun pendhet lajeng kaparingan makna ingkang enggal. Dadosipun, tigan ingkang sewanipun dados pralambang cikal-bakal gesang kagentos minangka lambang wungunipun gesang (bangkitnya kehidupan). Truwelu ingkang sewanipun inggih punika lambang kesuburan (amargi *cepat berkembang biak*) kagentos lan kaparingan makna Paskah, inggih punika dados lambang gesang ingkang linuber ing Sang Kristus.

Mekaten punika tiyang-tiyang Kristen zaman semanten sami paring makna enggal dhateng pahargyan Paskah. Tradisi bab tigan lan truwelu ing salebeting pahargyan Paskah panci sumberipun boten saking Kitab Suci. Ewa semanten, saking waosan kalawau paring pitedah saha piwucal bilih nindakaken punapa kemawon punika, kalebet maringi makna enggal tradisi


sanés, kedah katindakaken kagem ngluhuraken Gusti saha boten dados sandhungan tumraping sesami. Tegesipun, tradisi-tradisi punika sampun ngantos nggentosi kepara ngicalaken makna sejati saking Paskah minangka pahargyan bab wungipun Gusti Yesus. Mila, menawi dipun agem temtu kedah dados sarana ingkang sangsaya ngekahaken iman kapitadosan. Sadaya pasamuwan lan pandherekipun Gusti kedah tansah wicaksana anggen nggulowentah bab-bab tradisi kados mekaten. Ingkang utami inggih punika bab Gusti Yesus ingkang wungu, boten namung babagan pralambang-pralambang ingkang saged kecalan maknanipun.

Diskusi:

Mboten wonten pitakenan diskusi. Ananging tetep tinarbuka kagge sami mundhut pirsá, paring katrangan tambahan, kalebet andhum pengalaman iman linandhesan sabdanipun Gusti dinten punika, punapa dene sadaya ingkang sampun kita pirengaken ing wekdal kawuri. Mugia dados sarana kangge sami ngiyataken satunggal lan satunggalipun, nuwuhaken pangajeng-ajeng, saha ngraketaken patunggilan.

6. Pepujen (& Pisungsung) (Kidung katata manut ingkang nenuntun PA)

7. Pandonga



Bidang PWG GKJ Bejiharjo
Copyright @ 2021